**РЕЗЮМЕ**

Мақолада экологик муаммолари бўлган минтақалардаги яйлов ерларнинг ҳолати ва уларга атроф-муҳитнинг таъсир даражасини замонавий технологиялар ёрдамида ўрганиш бўйича мавжуд тажрибалар ўрганилган ва Орол бўйи минтақаларидаги ерларни тадқиқ қилишда зарур замонавий усулларни қўллаш, мазкур ҳудудда яйлов ерларнинг ўсимлик қопламини ўрганиш бўйича тавсиялар берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье изучено современный опыт изучения состояния пастбищ в экологически неблагополучных районах и уровня воздействия на них окружающей среды с использованием современных технологий, а также приводиться рекомендации по использованию современных методов при изучении растительности Приаралья и пастбищ.

**SUMMARY**

The article studies the current experience of the condition of pastures in areas with ecological problems and the level of environmental impact on them using modern technologies, and provides recommendations for the use of modern methods in the study of vegetation of the Aral Sea regions and pastures.

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ШАРАЯТЫНДА ИНСАН ҚӘУИПСИЗЛИГИН ТӘМИЙНЛЕЎ МАШҚАЛАЛАРЫ

**А.С.Нурланов –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогокалық институты*

**Таянч сўзлар:** экологик хавфсизлик, стратегия, деградация, Орол денгизи, Туркманистон, Қарши, Бухоро, Оролқум, Қорақум канали, иқлим, ер, сўв, тупроқ, ҳаво, табиий ресурслар, оқилона фойдаланиш, санитария.

**Ключевые слова:** экологическая безопастность, стратегия, деградация, Аральское море, Туркменистан, Карши, Бухара, Аралқум, Каракумский канал, климат, земля, вода, почва, воздух, природный ресурс, рациональное использования, санитария.

**Key words:** environmental safety, strategy, degradation, Aral sea, Turkmenistan, Karshi, Bukhara, Aralkum, Karakum canal, climate, land, water, soil, air, natural resource, rational use, sanitation.

Бүгинги күнде Өзбекстанның социаллық ҳәм экономикалық стратегиясының баслы бағдарларының бири бул экологиялық кризис шараятында жасап атырған инсанлардың саламатлығын қорғаўда, халықты ең биринши зәрүр таза ишимлик суўы, азық-аўқат өнимлерине болған талапларын толық тәмийинлеў менен бирге инсан өмирине қәўип туўдыратуғын экологиялық машқалаларды шешиў мәселелерине қаратылған.

Стратегия бағдарламасын әмелге асырыўда мәмлекетимиздиң агросанаатлық тараўларын раўажландырыўға биринши дәрежеде әҳмийет қаратқан. Соның ишинде Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының 37 % жер фондын, 48,5 % тәбийғый от жемлик жайлаўларын, 20 % суўғармалы сүрим жерлерин ийелейди.

Ҳәзирги Қарақалпақстанның экономикалық раўажланыўында хожалықлардың қәнигелесиўин ҳәм территориялық структураларын белгилейтуғын суў ресурслары ең әҳмийетли факторлардан есапланады. Қарақалпақстан жерлериниң Әмиўдәрьярның ең төменги ағымы яғный делталық бөлиминде жайласқанлығы себепли суўдың бурынғы жылларға салыстырғанда кемейип жетиспеўшилиги суўғармалы дийханшылық тараўларының экономикалық нәтийжелилигине кери тәсирин тийгизип үлкен қыйыншылықларды келтирип шығармақта.

Илимпазлардың есаплаўы бойынша Қубла Аралбойы тәсир зонасында 1,9 млн га егислик ушын жарамлы жерлер болса, дәрьядан келип турған суў ресурсларының муғдары усы жерлердиң тек 3/1 бөли-мине ғана жетеди екен. Бул жағдайлар жақын он жыллықларда регионда суў ресурсларының жетиспеўшилиги күшейип, халықты ең биринши зәрүр таза ишимлик суў ҳәм азық-аўқат өнимлерине болған талапларын тәмийинлеўде машқалаларды келтирип шығарады.

Қарақалпақстан Республикасы шараятында соншама үлкен көлемдеги жер фондының өндирис резервлери болғаны менен Әмиўдәрьяның жоқарғы ҳәм ортаңғы ағыслары тәсир ететуғын аймақларда суўдан пайдаланыўдың кескин артыўына байланыслы дәрьяда суў там тарыслығы жыл сайын артып бармақта. Мысалы: Әмиўдәрьяның Түркменстанға қараслы шеп тәрепинен Мурке қыснағынан баслап ески Кельиф узбойы арқалы жыллық суў ағымы 15-17 млрд куб м., ал секундына суў өткериў шығыны 460 $м^3$/сек. Қарақум каналының пайдаланыўға берилиўи ҳәм суў сыйымлылығы 1,5 млрд. $м^3$ Талимаржан суў сақлағышы менен биргеликте, секунлына суў шығымы 195 $м^3$ /сек. Каршы магистрал каналының иске түсиўи оның секундына суў шығыны 140 $м^3$ сек барабар Әмиў Бухара магистралы машина менен суў шығаратуғын каналлардың пайдаланыўға берилиўи үлкен көлемдеги суў дәрьяның орта ағысында суўғарылатуғын дийханшылыққа пайдаланылмақта. Нәтийжеде Әмиўдәрьяның ортаңғы ағысында жайласқан Қарақум каналы зонасында 3,4 млрд куб метрдей минерализацияланған жерасты суўлары пайда болып, Қарақум каналы зонасында өзлестирилген 280 мың гектардай егислик жерлер екинши мәрте шорланыўын бастан кеширип атырған жағдайда, Қубла Арал регионында суў жетиспей, Арал қурып теңиз суўы астынан босаған орында майданы 3,7 млн. гектарға барабар Орайлық Азияда үшинши шөлистанлық «Аралқум» пайда болды [1:25].

Нешше әсирлерден берги теңизге қуйдырылып турған коллектор дренаж системалары арқалы изей суўлар менен аўыл хожалық егинлерине пайдаланылатуған зәҳәрли химикатлар еритпелери шөгиндилери теңиз суўынан босаған ултанынан самал тәсиринде атмосфераға көтерилип теңиз әтирапыдағы 500 км аралықлардағы суўғармалы дийханшылық ҳәм жайлаўларға жылына 39 мың тонна дузлы шаңлы қумларды тарқатпақта

Ана диярымыздың қәдирли топырағын таза сақлаў ҳәм ең әҳмийетли мәселелерден есапланады. Республикамызда пахта ҳәкимлиги жылларында егин майданларына пестицидлер сонша көп салынды, булардың эпилогиясын бүгинги күнде Арал теңизи ҳәм оның қурғап қалған бөлимлеринен сораў керек. Өйткени, Совет империясы сөтилип, жан бергеннен кейин, архив материалларына қолымыз жетип, мәлим болғанынша Россия Федерациясының Новосибирск областы территориясындағы егислик майданлардың ҳәр гектарына бир бирлик пестицидлер себилген болса, Өзбекстанның пахта далаларының ҳәр гектарына 82 бирлик зәҳәрли химикатлар ислетилген екен [2:32].

Арал теңизи қурғаған ултанынан көтерилген дузлы, қумлы шаңлар, дәрья суўларының минералласыўы менен жер асты суўларының көтерилиўи нәтийжесинде аўыл хожалық егислик жерлериниң сапалық көрсеткишлери кескин төменледи.

Қарақалпақстан Республикасы бойынша улыўма егислик майданлары 447,3 мың га қурайтуғын болса соннан 19,6 проценти ҳәлсиз шорланған, 34,0 процени орта шорланған, 35,2 проценти күшли шорланған, 11,2 проценти жүдә күшли шорланған топырақлар қатарына киреди. Егислик жерлердиң шорланыўы нәтийжесинде топырақтың өнимдарлығын тәмийнлейтуғын гумус шириндилери төменлеп топырақ бонитетине ҳәм аўыл хожалығы өнимлериниң өнимдарлығына кери тәсирин

тийгизбекте. Шорланған жерлер Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир, Мойнақ районларында жоқары дәрежесине жетип ауыл хожалығы өнимлери өнимдарлығы мәкке, жүўери 3 мәртеге, салы 2 мәртеге, пахта 1,6 мәртеге, картофель ҳәм овош бахша өнимлери 1,5-2,5 мәртеге төменлеп кеткен.

Отлақлы жерлердиң өнимдарлығы тең жартыға қысқарды, ал дәрья алапларының өсимлик қатламларының өнимдарлығы 10 мәртеге кемейди. Өсимлик шерикликлериниң тутып турған майданы 36 % тен 8 % ке, ал ўақты-ўақты суўланып туратуғын майданлар 40 % тен 20% ке дейин қысқарды. Усының менен бирге суўалмалардың ҳәм дельталардың шорланған ҳәм саҳраға айланған майданлары 25 % тен 75 % ке шекем өсип бармақта.

Арал теңизи суў бети көлеминиң қысқарыўы нәтийжесинде теңиз әтирапындағы жерлерден 800 мың гектарға шамалас қамыслар қуўрап қалды, 1,3 млн га тоғайлықлар ығаллықтың жетиспеўи нәтийжесинде жоқ болып кетиў қәўипи бар. Тәбийғый жайлаўлардың зүрәәтлилиги 5 млн ц от жем бирлигине төменлеп, 100 ге жақын ири ҳәм майда көллер қуўрап олардың орнында шорлақлар пайда болды [3:96].

Кейинги жылларда Қарақалпақстанның аўыл хожалығы өнимлери зүрәәтлилигин асырыўда интенсив, мелоратив жумысларды талап ететуғын жаңа жерлерди өзлестириў жолы менен ерисип атыр. Қарақалпақстанның аўыл хожалығы структурасын қайта дүзиўде овощ палыз, бағманшылық ҳәм жүзимгершилик майданларын кеңейтиў арқалы егислик майданларына структуралық өзгерслер киритиўди талап етеди.

Соның менен бирге, Қарақалпақстанда өндирислик ислеп шығарыўдың нәтийжелилиги төмен болыўының себеби өндирис тараўлары ишинде тармақлық дүзилисиниң баланслық тең келмеўи нәтийжесинде сапалы шийки зат ҳәм суў ресурсларының жетиспеўшилиги аўыл хожалығында шийки затларды қайта ислеўши өндирис кәрханаларының өнимдарлығы төмен боғанлығы себепли сырттан келетуғын өнимлердиң көпшилиги халық тутыныў товарлары үлесине туўра келеди.

Ҳаўаның патасланыўы, топырақтың шорланыўы ҳәм ишимлик суўлардың жарамсызлығы адамлардың ден саўлығына кери тәсирин көрсетип хәзирги ўақытта 200 мыңнан аслам адам тез жәрдем мүтәжлигине ийе. Суўдын күшли минерализацияланыўы болажақ аналардың жынысына ҳәм жүклилик дәўиринде унамсыз тәсири менен ҳәм ҳәр қандай гинекологиялық аўырыўлардың көбейиўине себепши болмақта.

Регионда жүз берип атырған экологиялық машқалалар жергиликли халықтың тәбийий өсиўине кери тәсирин көриўимизге болады. Мысалы: Халықтың тәбийий өсими Қарақалпақстанда 1970-1980 жылларда ҳәр 1000 адамға 33,0-38,6 адамға көбейиўи бақланған болса, 2009-жыллардан баслап халықтың тәбийий өсими ҳәр 1000 адамға 19,7 адамға төменлеп айтарлықтай кемейгени бақланған.

Президентимиз Ш.Мирзиёевтың Арал апатшылық зонасында жайласқан Мойнақ халқы менен ушырасыўында «Арал бойында экологиялық шараят жүдә аўыр. Бизлер Қарақалпақстанды медициналық хызмет көрсетиў бойынша үлгиге айландырмақшымыз. Бизиң бундай қайырлы исимизден адамлар ыразы болыўы керек. Қашан разы болады? Ден саўлығы беккем болса! Сонда кеўили хош болады, өмири узаяды. Енди есабат, статистика менен емес, адамлардың кеўил хошы менен жасаўымыз керек» деген еди.

Экологиялық апатшылық эпицентринде жасап атырған халықтың арасында анемия, бөтеке, баўыр, рак, астма ҳәм жүрек қан тамыры кеселликлери көбеймекте. Қарақалпақстанда жас балалардың ҳәм аналардың өлими бойынша ҒМДА еллери ишинде жоқары көрсеткишлер сақланып қалмақта. Соңғы 10 жылда - туберкулёз, онкологиялық, инфекциялық ҳәм паразитлик кеселликлер – паратиф, тиф, гепатит кеселликлери еки үш мәртеге көбейген [4:24].

Бизиң регионымызда Арал теңизиниң қурыўы менен байланыслы қоршаған орталығымызда жүз берип атырған климаттың өзгериўи, шөллениўдиң артыўы, топырақлардың шорланыўы, суўлардың патасланыўы, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясының деградацияланыўы жергиликли халықтың ден саўлығына, азық-аўқат ҳәм қәўипсиз таза ишимлик суўларының сапасының төменлеўи қусаған экологиялық машқалаларды жумсартыў мақсетинде Президентимиз Ш.Мирзиёев басламасы менен 2019 жылы 24-январьда Нөкис қаласынан 300 км узақлықта Арал теңизи қурғаған ултанында БМШ ниң Аралбойы регионында экологиялық машқалаларды турақтастырыў менен инсан қәўипсизлигин сақлаў бойынша халықаралық траст фонды пресс-клубтың гезектеги сессиясы өткерилди. Траст фонды презинтациясында пүткил жәҳән жәмийетшилигине Арал теңизи қурыўы менен регионда пайда болған апатшылық ақыбетлери глобаллық машқалаларға айланыўы, инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында мәмлекетлердиң биргеликли жумыс алып барыў кереклиги атап өтилди. Тарст фондының шөлкемлестирилиўи менен оған дәслепки күнен баслап Япония, Норвегия, Катар ҳәм Сауд Арабиясы мәмлекетлери донорлық қаржыларын қаратты.

2019-2021-жылларда Арал теңизи әтирапында 500 мың гектар «Жасыл қапламлар» жаратыў ўазыйпалары белгиленген еди. Усы мақсетте Өзбекстан Республикасы тоғай хожалығы мәмлекетлик комитети менен Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети тәрепинен усынылған проект тийкарында 2018-жылдың 17-декабринен баслап Мойнақ қаласынан 45 километр узақлықта Аралдың қурғаған ултанында штаб шөлкемлестирилип жасыл қапламалы қорғаў тоғайларын жаратыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасынан 217, Республикамыздың 11 ўәлаятынан 290, жәми 507 инженерлик ҳәм аўыл қурылысы техникалары мобилизацияланды.

Солай етип, Арал теңизи суўдан қурғаған ултанын жасыл либасларға, тоғайластырыў исине үлкен үлкен үлес қосыўымыз керек. Буның ушын Арал ултанында өсип атырған сексеўил, қәндим, шершес ҳәм т.б. өсимликлер менен бир қатарда қурғақлыққа, дузға шыдамлы, мал шарўашылығына пайдалы өсимликлер дүньясын кеңейтиў арқалы тоғайзарлықларды пайда етип, өсимликлерге тән ҳайўанат дүньясының қайта дүзилиўине итибар қаратыўымызды талап етеди.

Арал теңизи ултанының топрағын иззертлеп, топырақтың өнимдарлығын арттыратуғын агротехникалық моделлерди әмелге асырыў керек. Өзлестирилген жерлердиң суў тәмийинлениў мәселелерин, артизан қудықлар ҳәм оған пайдаланатуғын энергия дереклеринен (самал, қуяш) пайдаланыў бойынша инновациялық мүмкиншиликлерди мобилизациялап шет ел инвестицияларын тартыў ең баслы мәселелерден есапланады.

Жақын келешекте Әмиўдәрья бассейниндеги суў менен тәмийинлениў машқаласын шешиўдиң ең утымлы жолы бул дәрья суўын бассийнлер аралық қайта бөлистириў ҳәм жерлерди суўғарыўда, суў менен тәмийинлеўде рентабелли технологияларды қолланыў болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Умаров Е.К., Умарова А.Е. “Қарақалпақстанның суўғарылатуғын аймақларында өндирис структурасын оптималластырыў”. // «Илим ҳәм жәмийет» 2014, №4 сан.

2. Омонов Ҳ.Т., Қурбонназаров О.А. Кимё, инсон ва биосфера. – Тошкент: Ўзбекистон зиёлиларининг илмий – маърфий ассоциацияси. 1993.

3. Бахиев Е.С., Ешанов Г., «Дәўиримиздиң экологиялық машқалалары». –Нөкис: «Билим», 2001.
4. Четверная конференция министров "Окружающая среда для Европы". Государства Центральной Азии: Оценка окужающей среды. –Дания: Орхус, июнь, 1998."

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Қорақалпоғистон шароитида экологик инқирознинг қишлоқ хўжалиги маҳсулотларининг ҳосилдорлигига ва маҳаллий аҳолининг саломатлигини ҳимоя қилишда энг зарур озиқ-овқат маҳсулотлари билан таъминлашдаги муаммоларга баҳо берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается оценка последствия экологического кризиса на производительности продуктов сельского хозяйства и в обеспечении основных продуктов питания для сохранения здоровья местного населения в условиях Каракалпакстана.

**SUMMARY**

The article discusses the assessment of the consequences of the ecological crisis on the productivity of agricultural products and in the provision of basic food products to preserve the health of the local population in the conditions of Karakalpakstan.

## КОНФЕССИОНАЛ ВА САКРАЛ ГЕОГРАФИЯ – МАДАНИЯТ ГЕОГРАФИЯСИНИНГ АЛОҲИДА ЙЎНАЛИШЛАРИ СИФАТИДА

**Қ.Т.Тўраев** – *катта ўқитувчи*
*Термиз давлат университети*
**Ш.Б.Қурбонов –** *география фанлари буйича фалсафа доктори, доцент*
*Ўзбекистон миллий университети*

**Таянч сўзлар:** конфессионал, сакрал география, маданият географияси, туризм, диний туризм, сакрал объектлар.
**Ключевые слова:** конфессионал, сакральная география, культурная география, туризм, религиозный туризм, сакральные объекты.
**Key words:** confessional, sacred geography, cultural geography, tourism, religional tourism, sacred establishments.

**Кириш.** Маданий география ижтимоий географиянинг фаол равишда ривожланиб бораётган алоҳида илмий йўналиши ҳисобланади. Унинг тадқиқот предмети маданият ривожланишининг ҳудудий омиллари, жараёнлари ва қонуниятлари, маданий-географик тизимларининг шаклланиш сабаб ва оқибатларини тадқиқ қилишдан иборат [1]. Маданият географиясининг шаклланиши ва ривожланишига 19 - аср охири – 20 асрнинг бошларида европалик географ-олимлар А.Мацзен, Ф.Ратцель, Э.Ханн, Д.Марш, М.Соррэ ҳамда америкалик олимлар К.Зауэр, Ричард Хартшорн ва Вилбур Зелинскийларнинг хизматлари катта бўлган. Россияда маданий географиянинг алоҳида илмий йўналиш сифатида Ю.А.Веденин, К.В.Горина, С.И.Горохов, А.Г.Дружинин, Д.Н.Замятин, И.А.Захаров, Р.М.Кабо, В.Л.Каганский, В.Н.Калуцков, А.В.Любичанковский, В.П.Максаковский, Б.Б.Родоман, А.А.Соколова, В.Н.Стрелецкий ва бошқа географ-олимлар томонидан шакллантирилган [2].

Маданият географиясининг асосий тармоқларидан бири бу конфессионал география (дин географияси)дир. Конфессионал география фан сифатида турли дин ва диний оқимларнинг ҳудудий тарқалиши ҳамда маълум бир динга эътиқод қилувчи аҳолининг жойлашувини ўрганувчи фан ҳисобланади [3]. Географиянинг ушбу тармоғи тадқиқот доираси динларнинг дунё мамлакатлари ва минтақалари бўйлаб тарқалиши, динларнинг пайдо бўлиш ўчоқлари ва бош марказларининг географик жойлашуви, конфессиялар тарқалиш ареалларининг ўзгариб бориши, қолаверса, турли ҳудудлар аҳолисининг конфессионал таркиби ва унинг динамикасини ўрганишдан иборат.

**Ишнинг мақсади ва вазифалари**. Маданият географиясининг алоҳида йўналиши ҳисобланган конфессионал ва сакрал географиянинг шаклланиши ривожланиши, шунингдек, мазкур йўналиш бўйича олиб борилган тадқиқотларни ўрганиш ушбу ишнинг мақсади ҳисобланади. Мақсаддан келиб чиққан ҳолда, қуйидаги тадқиқот вазифаларни бажариш кўзда тутилган: 1) конфессионал ва сакрал география атамасининг мазмун-моҳиятини ўрганиш; 2) конфессионал ва сакрал география тушунчаларининг ўзаро муносабатини аниқлаштириш; 3) конфессионал ва сакрал географиянинг турли ҳудудларда шаклланиши ва ривожланишини таҳлил қилиш.

**Асосий қисм.** Сўнгги йилларда жаҳоннинг кўплаб минтақаларида халқаро миграциялар, турли дин вакиллари ўртасида рўй бераётган демографик жараёнлардаги тафовутлар, ривожланиб бораётган миссионерлик ҳаракатлари, ахборот муҳитидаги турли омиллар таъсирида конфессионал макон, аҳолининг конфессионал таркиби динамик равишда ўзгариб боряпти. Бу ижтимоий-маданий жараёнлар, ўз навбатида, турли сиёсий оқибатларни келтириб чиқармоқда. Натижада конфессионал географиясида “динлар рақобати” категорияси шаклланиб, долзарб илмий тадқиқотлар предметига айланиб қолди. Жумладан, бу йўналишда россиялик ижтимоий географлардан С.И.Горохов ўзининг докторлик, И.А.Захаров эса номзодлик диссертацияларини бажарганлар. С.И.Горохов жаҳон миқёсидаги динлар рақобатининг умумий манзарасини таҳлил қилиб, тегишли жараёнларни батафсил равишда Ҳиндистон материалларида кўриб чиққан бўлса, И.А.Захаров ўзининг тадқиқот ишида Тропик Африканинг конфессионал маконини сўнгги 120 йил давомида ўзгаришини комплес равишда баҳолаган. Демак, ҳозирги босқичда, конфессиялар ўзаро муносабатларининг ҳудудий жиҳатлари, айрим динлар тарқалиш ареаллари ва таъсир доирасининг кенгайиши, бошқаларининг эса торайиб боришини ўрганиш ҳам конфессионал география предметининг муҳим элементига айланди.

Жаҳондаги барча халқларда қадим замонлардан буён муқаддас ва мўътабар қадамжолар мақомига эга бўлган объектлар мавжуд бўлган. Мазкур объектларга нисбатан “сакрал” (лотинчадан - муқаддас, табаррук, ибодат, сиғиниш, маросим, илоҳий, сирли) тушунчаси ишлатилади. Кенг маънода “сакрал” – одатдаги нарсалардан, тушунчалардан, ҳодисалардан фарқ қиладиган, динга, илоҳиётга, ғайри табиий кучларга алоқадор барча нарсаларни англатади.

Табиат билан ҳамжиҳатликда яшаган қадимги инсонлар табиат ҳодисаларини илоҳийлаштирган, унга сиғина бошлаган, турли маросимлар ўтказган ва шунга боғлиқ ҳолда сайёрамизда сакрал жойлар юзага келган. Айрим сакрал жойлар хусусиятлари ҳозирги пайтга қадар олимлар томонидан ўз изоҳини топганича йўқ. Уларнинг вужудга келиши ва қай мақсадда бунёд қилинганлиги тўғрисида фақат гипотезалар ва турли афсоналар мавжуд (Пасха оролларнинг бутлари, Наска чўлидаги расмлар, Англиядаги Стоунхенж улкан тош бўлаклари ва